



Septanm 2026

Chè fanmi,

Byenveni yon lòt fwa nan lekòl! Mwen ekri pou m pataje enfòmasyon enpòtan sou efò n ap fè pou sipòte sekirite ak aprantisaj tout elèv nou yo, sitou pou fanmi imigran ki pa gen papyè nou yo. Kòm yon imigran mwenmenm, mwen vle trè klè: Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) akeyi epi sèvi chak timoun, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon li.

Lekòl nou yo se pou tout fanmi nou yo. NYCPS pa ni poze kesyon sou ni suiv sitiyasyon imigrasyon elèv nou yo. Nou pwoteje enfòmasyon elèv, epi lapolis ki pa lokal, tankou Anfòsman imigrasyon ak ladwàn (ICE), pa gen dwa jwenn aksè kote elèv nou yo, lekòl nou yo, oswa dosye nou yo sof si lalwa egzije sa epi apre yo fin pale avèk avoka NYCPS.

Nou konnen enkyetid ki gen rapò avèk imigrasyon ka kreye ensètitid pou timoun ak fanmi yo. Nou rekonèt tou kèk manm nan kominote lekòl nou yo ka afekte avèk chanjman nan pwogram imigrasyon yo, tankou Etabli Pwoteksyon Tanporè (TPS). Lekòl ou a la pou ba w sipò. Si oumenm oswa yon manm fanmi ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan chanjman ki ta ka gen enpak sou fanmi ou, pale avèk Direktè lekòl ou a pou l mete ou an kontak avèk Pwojè Open Arms. Atravè Project Open Arms ak patnè nou yo nan vil la, fanmi ka jwenn enfòmasyon sou Konnen Dwa Ou (Know Your Rights) ak asistans legal imigrasyon gratis ak konfidansyèl pou ede yo konprann opsyon yo genyen, epi konekte yo avèk resous ou ka fè konfyans.

Pandan ane lekòl la ap kòmanse a, nou ankouraje fanmi asire tou enfòmasyon kontak yo gen nan lekòl yo pou ka ijans ajou epi pou yo gade resous ki disponib atravè [NYCPS's Project Open Arms](https://nycps.org/project-open-arms). Fanmi gen aksè nan sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis si yo bezwen. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/ProjectOpenArms.

Anplis, NYCPS kontinye ap travay an patenarya avèk Biwo Afè Imigran Majistra a (MOIA). Nou ankouraje fanmi pou itilize liy kliyantèl MOIA pou sipò legal la nan 1-800-354-0365 oswa ale sou nyc.gov/immigrants pou jwenn plis enfòmasyon.

Se avèk anpil fyète m akeyi oumenm ak pitit ou a nan ane lekòl 2026-2027 la! Chak elèv merite aprann nan yon lekòl kote yo santi yo an sekirite, yo santi yo gen valè, epi yo jwenn sipò yo bezwen.

Nan kolaborasyon,

Kamar H. Samuels
Chanselye